анэр пэшым. Льагъунытэ усэхэм я за-
кьыгъэкъым абы итхэр, адэкIэ ездкатэ-
мэ, нани, папи, си шыпхъу цIыкIуми,
нэгъэущхьэмэ, езым теухуауи кьигъуэ-
тынут усэ гуэрэр эр. Тетрадыр кьасIуэ,
щхьэ сыкIэльыщIэжу езмыгъэльагъэрэ,
езмыгъаджэрэ, си уэрэдхэм езмыгъэда-
Iуэрэ, жысIэрт. Уэ ныкъу эззэлятхъ хьуа
си тетрадь цIыкIу си льапэм щыIыр зэ-
рыслъагъу, си нэпсхэр кьыисфIыщIэ-
жащ. Сыгъуэгъуэ сеетысэжщ, кьэсщтэж-
ри, Iэплэ зыгуэрым хуэсщыж фIэкIа
у мыщIэну, си бгъэм ескIу зылIащ. Лъэгу
пцIанэм сыгъуэльщ, си лъакъуэхэр
зыщIэзупщIэжри, сигъыуэрэ, сыIурихащ.
ТхьэмахуэкIэ си анэр кьызэбгайщ абы
щхьэкIэ. Кьызгурыуэрэтэкъым ситкIэ
сыкIуэншамэ.

Си анэм и нысэгъу Iэминат дежи
кIуаращ, сыкьыгурыуэнщ, кьызэдIыы-
гъынщ, кьысщхьэщыжынщ, жысIэри. Ар
хадэм итт, у дз кьричу. ТэлайкIэ дыпсэ-
льащ си еджэным, си узышыгъэм теу-
хуауэ. ИтIанэ, сыщIэкIуар жеслащ:

- ПщIэрэ, Iэминат, сэ уэ со тх! - сыу-
кIытапэурэ, щэху цIыкIуу жызоIэ сэ абы.

- Пэжуи? Сыту хьэлэмэт гуэр мы
кьызжеIэп! Еуэт-тIэ, кьызыкъ еджэт зы!
- кьыпогуфIыкI ар.

- Хъунщ, нужь дыдэ стха уэсэм сыкьыпI-
хуеджэнщ, «Пэсыдзэ» фIэсщащ!

Хафэм сыдэпльейуэрэ, сигуми си пэсмэ-
ми хьихьэу сыкьеджащ уэсэм, ауэ Iэминат
и нэгум сыщIипплъам, игу ирихьарэ ири-
мыхьарэ кьысхуэщIакъым? - мынэщ-
хьей-мыг уфIэу, зыгу эру кьыязэплъырт.

- Сэ уэрэдри сиIэщ, - жызоIэ нэхь ину,
Iэминат тегупсысыкIаУэ сызэхэмихь сы-
гугъэ у. КъыфIэIуэ хущIэ х у зэдэт экъым
жысIэхэр.

- Ешажьэ!

Сэри, делэ цыкIу хуэдэ, си макъыр со-
щэщI, уэрэдышхуэр кьызоГажьэри, ха-
дэр кьызоГэпсалъэ. Уэрэдыр и кIэм нэ-
мыгъэр щыкIэ Iэминат и макъыр ины-
шхуэу, сыкьигащтэу кьоIу.

Сэри си нитIыр кьижу сопль. И пкъыр
мэсыс, и нэпсхэр кьыщIюж, и ныбэр
иныгъщ.

- Сыт, Iэминат, уи ныбэр кьыз эпъэ-
дауэ ара?! - сыбгъэдольадэри и дамэм
солуСэ. АрщхьэкIэ нэхь Iеижу мэсыс.

- АдэкIэ... адэ... уахьа-хьаьха...

- Сыт кьэхъуар, зо? - согужьеинэ.

- АдэкIэ пыщIэ, сыту у эрэд дахащэ! -
и нэпс кьыщIэжаХэр ирилъэщIыжрэ
кьызоIэ... Мэдыкъым!

- Умгу ирихьамэ, щхьэ удыхьэшхрэ-
тIэ?! - зызгъэгуэну сыхьэзырщ.

- Хэт ар зыхуэбусар? Апхуэдизу хэт
уи псэр дзэныхэхар?! Уахьаьха... - аргуэ-
рыкыщи, мэдыхьэшх.

ИтIанэщ си цыхьэм щынэсар - Тхьэм
кьызбгъэдилъхьа зэрIэкIыр, зэчийр фIэ-
дыхьэшэнрат. Сэ х уэмурэ щIыбкIэ сы-
кьокIу эт, сыкьыщидунэу, сызэгу ауду сы-
гъыну сыхьэзырщ! Си анэми хамэми са-
кьыгурыIуэрыкъым! Ар дауэ? Дауэ сы-
хьужьыну?! Шхэ цыхъум фIэдыхьэшхэн ар?

Губжьымрэ щынэмрэ гущыкIым хэзэ-
рыхьыжауэ си гум щIэту сыкьожьыж ха-
дэм, Iэминат зэрыдыхьэшхэу кьызоно-
ри. Унэм сыщIо льэдэж, си т еградь
згъэпщкIужар кьыкьызохьыкри, зэрыы-
зотхъ си нэм лъы кьыпетльэдауэ. Кьы-
щIызох, мафIэ сощIри, согъэсыж. Аращ
уэ пхуэфащэр, кьысщыгъэдыхьэшх
ыхьхуэрэ иджыри, жызоIэри, сыкьыIуо-
кIыж.

Абы и ужькIэ си Iэр кьэсIэту зы усэ
стхахьым зыкьомрэ. Си еджэнри нэхь
Iей хьуащ, си щытыкIэри зэрыхьащ. Мыд-
рей кьыщхэбз цIыкIуэ эм хуэдэу сыг у-
фIэрэйуэ, льагъуныгъэ Iуэхуэхэр кьыс-
хуэжIыну, сыуэрщэру сыщытыжтэкъым.
Нэхь щIэзу, зэкIуэщIыпIэ, нэщхьей сы-
хьуат. КьысщыщIар си гущхьэм дыр-
кьуэшх уэ кьытенат. ЩIэх зэрысщыгъ-
гупщэни мы дуней дахэшхуэм тет кьы-
щIэжIынтэкъым. Гугъу се хьырт. Гугъущэ
сехьырт псэкIэ! Абы теухуауэ зэи зыми
псалъэ жеслажьэм, щыгуфIэ сщIажьэм.
Уи гум хъэ лъэ ту эр щилъым дежи, абыкIэ
зыми удэмыгуашэмэ, нэхь хьэлъэж
мэхъу, згъэзгъ у. Си анэми зэрызищIар
щыгъупщэжат, зыри кьэмыхьэ у ухэтI.
Сыт сщIэнт?! Си анэщ, сыкьэнлъхуащ,
жьыгIэри уэ зэгъэзгъэщ, ауэ иджыри
кьызэсхьи, Iэминат гущыкIэ зэхуэсщIауэ,
аракъым. АтIэ, ар Къэбэрдеймм щыщыIам,
и чэзум зэхэзмыгъэкIар зэхэзгъэкIыжы-
нущ - сыт ди зэхуэзэм и мыхьэнар? Кьы-
зэрыслъхьуэнур, сызэрыхуэзэнур,
жесIэнухэр си нэгум кьыщIэзгъэхьэу сы-
хэтщ пшэ хужьыкъ. Сыту хьэлэмэт! Сыту
дахэ! ЦIыхъ ум зиIэ тIу пшэм хэту кьыщи-
лъэтхьыбфIэ, хуэзфIэмыкIыж щыIэ?!
Зыхьзощэ си Iэпкъльпкъыр зэщIэзы-
щтэ кьару гуэр. Си гур хегьахъуэ,
гукъэкI Iэфi гуэрэр кьызодэхащIэ. Iуэ-
хуэр тэмэм у зэфIэкIыну, ущIэгу зэвзни
щымыIэу, сыщIэкIэрэ сызыхуэкIуэрэ
кьэзгъэтIыну кьысщохьу.

* * *

КХЪУХЬЛЪАТЭМ сыкьыщикIым, зы
гукъэкI гуэр кьызэуэлащ. Ар фIыцIэ
Iейрэ кьызгурыIуакъым, ауэ си льэр зэ-
щIэнэри, зызмыгъэхьеижьфу, си пIэм
сижьыхат СыкьэнкIыну сых уейт зекIым,
зГъэзэжкарэ т жысIэрт, ауэ... Си ужь ит
цIыкуфзыр кьысхьэщIэтрьхьэри, сы-
кьиувыкIащ. ЗищIысщи сымыщIэ мэ сы-
мыцIыкуу гуэррэ хуабэмрэ зэхъыхьжауэ.
сатхьэлэным хуэдэу си пщэм кьыщIэ-
гъуэльхьащ. Си хьуреягъэр мыцIыхуат -
цIыкуухэри, а цIыкуухэр зытет щIыпIэ-
Зыкъэ сышынэжатI! Апхуэдизу сыкьэрабг-
гъэ си гугъакъым... Машинэ хьащ-
ри, хьэщIэщым сынэсащ. Си пэшыр ебла-
нэ кьатт. Къэбэрдеймм си фэгрыр еб-
ланэт зытетыр. Сыту хьэлэмэт! Кьабзэу
зэлъыIухаэ, нэхуу, пэш хьарзынэт. А
пщыхьэщхьэм зыщIыпIи сыкIуэфакъым.
Сешатэт, зыкъэзгъэхуащ. Апхуэдизу си
гъ кьызыхуикIа кьэралым сыкьыщIы-
сым, сызыльпхъуэрри сыщIугъупщэжауэ,
лъэсу кьэскIухьу махуищкIэ сыдэтащ Ам-
ман. Унэхэр псори мывэ хужьым кьыхэ-
щIыкат Дыдейхэм хуэмыдэми, уэрамхэм
кьэльагъуэт сэ и щIагъэр. Си гъэ Умар я
нэ фIыщитIым, и щытыкIэм, и гупсысэ-
кIэ кьумкIэ сфIыхьэ уат СыткIи сыдри-
хьэхат АдыгэбзэкIэ зы псалъэ зэрымы-
щIэри, и щхьэц зыщIэпИиехэри, уигу ири-
хьынкIэ Iэмал зимыIэ нэгъэущ зыгуэр-
зэрыр дэнэ кьыщидзэнт?! Сах уэнэфт, са-
хуэдзэу саГрот сэ абдажэм. Есы Умар зэ-
пIэзрытт, зэтеубыдат, иныкъуэхэми
цIыху ткIиИт, зи псалъэхэр жьым хэзыпI-
хьэхэм ящIыштэжьым. Лъагъуныгъэм те уэ-
хуауэ я кьызжиIэ псалъэхэр мащIэ дыдэ-
ми, ящIыафIэт, кьару ящIэльт, си гур
хагъахъуэрт. Фи фIэщ хьурэ, кьыщIыз зэ-
сальэхэм кьызжимыIэф, гъэзныгъэм
ипкъ иткIэ, ибзыщI и гурыльъ IэфIхэр и
нэгум кьыщырт. Сэ абы сеплъыкIу гуфIэ-
гъуэм сызэщIишт эрт сызэрыщIыту. И гу-
хэлъ нэхь Iэфi дыдэхэр кьыскхуиIэ щы-
тыкIэмкIэт кьызэрысхуиIуатэр. Сэ ап-
хуэдэ бзэр сиГу зэрыгъэм и мызакъэу зы-
льагъунытэ куу хузиIэр нэхэр ин
ящIырт. Абы хьыбар хьэлэмэ тхэм сыкъ-
ригъэдаГэрт хэхэс адыгэхэм кьыскхутеп-
бзэм хуэдэу кьабзэтэкъым, бжьэдыгъу
псэльэкIэм нэхь ещхь т ау я кьызэгуры-
Iэрт ари. КьызэрысльытамкIэ, мы
шхапIэр зейр адыгэт.

Ди Тхъэшхъэм и фIыщIэщ, адыгэу мин
хьыщIым щIигъу дзэщ жьыхуаIэ кьэралым
зы кьыщызгъэтамэ!

- Уэлэхьи, дэс лъхьам-тIэ! Ви фIэщ
мыхьумэ, епль, - зыгъэгусэнэIу хьужьауэ,
щIалэщIэ кьопсалъэ.

- Кьеблагъэ! ИджыпстукIэ зэIутха-
кьым, кьысхуэгъэгъу, шхын хьэзыр
щыIэкъым, ауэ, ухуейм?», псы, ешI, кофе
щыIащI - инджылызыбзэкIэ зыкъысхуэ-
Iыаэз унафэщIу фэ зэсплъа лыкъум. И
теплъэкIэ илъэс плIыщIым щIигъуа
хьунт. Щхьэпльаагъэ, зэщIэкъуаэу, Iэпкъ-
льэпкъ бёдз зиIэ лIы бжьыфIэ т, уа-
кIуэт. И щхьэц фIыщIэм мащIэу хидза
тхъуГэрэт екIупст.

- Уи благъэр куэд ухэу. ИкъукIэ си гуа-
пэщ адыгэ сызэрыхуэзар. Си гуГъэр хэс-
хьжат, - жызоIэ адыгэбзэкIэ, си гуфIэ-
гъуэр схуэмыубыду сыпыгуфIыкIыурэ.

- Адыгэ пщащэ ди хьэщIэщ, псынщIэу
Iэнэр кьэвэзэд! - лэжьакIуэхэм захуегъа-
зэ, си Iэр еубыдри, сэлам гуапэ кьызэх
лIым, - Уэлэхьи, сэри си гуапэм апх уэдэ
хьэщIэ льапIэ сызэриIэр! Ди хэжужьым
укьижкIа хьунщ уэ дахэр, уи псэльэкIэмкIэ
кьыбоущ, - жеIэ лIым, си нэгум гуапэу
кьипльэу-рэ. Кьапщ э у и нур кьызэрэфI-
зэрыхьат, и нэхэри псыф кьэ хьу ат.

- НтIэ, Къэбэрдеймм сыкьикIащ. Иордан-
ным дэс адыгэхэр зэзгъэльагъунщ, зэз-
гъэцIыхунщ, жысIэри сыкьэкIу ат Си
кIуэжьыгъэри кьэсащ, зыри сымыгъэ-
турэ. Си фIэщ хьужьтэкъым нетIэ адыгэ-
бзэкIэ ущыпсэльам? - сыхуогуфIэ сэри.
Си гур нэхь псынщIэу кьоуэ, согуэвэ,
хамэ кьэрал щыпсэу адыгэм мыхьумы-
щIагъэ гуэр кьызидильагъуэм, жызоIэри.

- Дау э фыщыт ди кьуэш, ди шыпхъу-
хэр? - жеIэ лIым.

- Хьарзынэ дыдэщ. Тхьэм и фIыщIкIэ,
гукъеуэ щыIэкъым.

- Мо уэ, нэгъэущ пэш дыкIуэнщ, дяпэ-
кIэ цIыкуэ кьекIуалIэу щIадзэнщIи, дагъэп-
сэльэнкъым. Кьыхсухэгъэгъу, дыдзэри-
цIыкуэхьэм. Сэ си цIэр Къэбзэчщ,
льэпкъкIэ сыбжьэдыгъущ. Мы шхапIэр
сысейщ. Уэ-щэ?

- Си цIэр Тамарэщ, льэпкъкIэ сыбес-
льэнейщ.

- Уеджи э хьунщ уэ цIыкIур, дауи, - пэш
щIыIэтIэ хуитым сыщIешэри, сегъэтIыс.
Шхын зэмылIэжьыгъуэ гуэрэхри псынщIэу
щIэту кьыщIахьэ. Пэжыр жысIэнщи,
фIыуэ сымэжалIэ т, пщыщIыжьым сы-
мышхэу сыкьыщIэIат, ау э сыукIытэри,
кьыщIахьа кьоным щыщу, зы тепщэч зэ
сыхьэIэбауэ араш. Шей тIэкIу, жысIэри,
кьыскхуащIахьащ.

- НтIэ, содж.

- Дэ ди щалэгъуалэр мыхьэулеин пап-
щIэ, кьафэрэт, спортти, жьпIэуэрэ, зы-
гу эрхэм дыдогъэхьэх. Уэ сыт едж эным
нэмыщI удэзыхьэхыр? - нэIус-лъэIусу
кьыщIэкIат си псэльэгъур.

- Сэ сыуэрэрыщIакIуэщ, усакIуэщ. Зэ-
ман кьыщIсхуэдэхуэм ди лъэпкъым и
тхыдэмрэ адыгэбзэм и диалектхэмрэ
зэгъэщIэжу, си напIэр едэхьауэ. Ар
си псэльэгъум и гуапэ хьуащ, апхуэдэ
зэфIэкIхэр зэщIэгъэгъур.

- Тхьэм уригъэфIакIуэ, дах э, уэлэхьи,
гуапэмэ. Псом щыщи ди Тхьэм кьыббгъэ-
дильхащ, ар уасэншэщ. Хэт емыдэIуэн-
рэт уи у эрэдхэм!

- Си гуапэу мыр тыгъэ пэзущ, - жы-
зоIэри, илъэс ипэкIэ кьыддэгъэкIа
кассет э изот. Си псэм ищIа хуэдэ, кьыз-
дэсщт ат кассетитхэу.

- Тхьэразэ кьыпхуэхьу, Тамарэ! Тхьэм
уигъэпсэу! - и гуапэ дыдэ хьуат, фэры-
щIагъ х эмылIу. - КхъыIэ, тIэкIу елэакъэ,
си ерыскъым уемыльэпауэ!

- Упгэу, Къазбэч, сыкьыщIэжкIым фIы
дыдэ у сышхащ. Ари ерыскъыр убагъэ!

- Си гуапэщ ущыгъэрытхуеблэгъэр. Ди
адэжьхэр щыпсэуэ щыпIэм кьикIыр ди
нэщ, ди псэщ. ДыкIуэжьыну ди нэ кьокI.

«Льаех» псалъэр яIурылъ у, сыт хуэдизэ ди
цIыху дунейм ехьыжрэ?! Мис, уэ ф мыбы
укьыщэрыкIу ам хуэдэу, туристу дына-
кIуэр? Тхьагъэу аращ Кавказыр. Ди са-
бийхэр еджакIуэ ныдогъакIуэри, ари
хьарзынэщ. АрщхьэкIэ, пльагъурэ, ха-
бзэхэр ткIиищэщи, дынэIэпхъуэжьып-
ным Iуэху гугъу куэд дыдэ пыщIащ. Ауэ
ди бын еджапIэ ІэдгъакIуэхэр фIыуэ
ныфхозагъэри, абы дыщогуфIыкI. Ныб-
жьэрыуэр я кьуэ кьокIуэж, зэрызэры-
Iыгъынмэ хэтщ.

- Кьазбэч, уэри уи гъжьэгъуэ махуэм
щIедзэ, укьыпэрсыщынкъым. Сэ пщы-
хьэщхьэ кьэзгъэззэжынщи, дызэпсэ-
льэщ.

- Кьей, тэмэмым жыIэр, дах э. НтIэ,
пщыхьэщхьэ сыхьэтIиблым кьыIухьэж.
Ди деж усэшэщ, си щхьэгъусэм уезгъэ-
цIыхунщ. Ари бесIэнейщ, икъукI и
гуапэ хьунущ.

- ФIыкIэ! - зыкъызоIэтыжьа.

Кьазбэч деж сыкьыщIокIыжри, иджы-
ри нэгъ уэщI шхапIэхэм сокIу, Умар сы-
лъыхъ уэу. Абыхэм сыщыщIылъыхэр эр,
Къэбэрдеймм щыщIам шхапIэ нэхь ку у-
лей дыдэу дэтхэм уэрэд щыжиIэрти, Иор-
данми апх уэдэу щищI си гугъэу арат
Иорданым ар зыимыщIыкIу щымыIэу кьы-
щыз жаIэрт, ау э кьыщызгъ этыфынур,
щыпсэуэ ящIэрт эмкIым. Абыу сешaуэ, си
лъакъуитIыр пыхуу, пщыхьэщхьэхъуегъэ-
зэжкIыу, хьэщIэщым сыкIуэжащ, хьэщIапIэ
сыздэкIуэнум зыхуэзгъэхьэзырынэ. Хьэ-
щIэщым сыщыкIыхьэри, си Iункъыбгъэ-
кIысхьэжыну сыщыуIэхэм, Iэпсалъэуу щыт
щIалитIым гу ялыыстащ. ТIури кьыIэт-
тIыпэри, зыгуэрэ ар жаIэрт. Зэрызэпсалъэр
хьэрпыбгъэт. Зы щIалэр зыщIыпIэ щыс-
лъэгъуауэ кьыщыщхьэщ. Ар кьыхсу-
пыгуфIыкIри, и щхьэр кьысхуищIащ.
Сэри мащIэу хуэщIыжри, си напIэр
занщIу ездзыжьащ. Абы и ужькIэ а
щIалэр хьэщIэщым щыслъагъужакъым.
Сэ ар щыслъэгъуар кьыслхуэмыщIэжу и
бзэлъыхьэм сиукIащ. ЗызгъэпскIыху, зызгъ-
гъэхъэзырых у, ауэрэ сыхьэтиблыр кьэ-
саш. Зызмыгъэпсэхуауэ, си фэри мы-
щIагъ уащэу, Къазбэч и щхапIэм сыIухьащ.
ГуфIэжу кьыспе жьэри, сыщIишащ. Зы
сыхьэт хуэдизкIэ дыщысыжа нэужь,
щхапIэр зэхуищIыжащ, машинэ фIыцIабзэ
дахэ гуэрым сригъэтIысхьэри, я унэм ды-
кIуащ. Мывэ хужьым кьыхсщIыкIа унэш-
хуэ гуэрым джеж кьыщынгъэувыIащ. Апхуэ-
дизкIэ у унэщхьэт, дахэтм, лэжьапIэ гуэ-
рым IуэхукIэ Iухьа си гугьащ. А дакъы-
къэм унэм щIыхубзыкуэр зы хьыджэбз
цIыкIуэр кьыщIэжахэзэщ, гуфIэжу. Бжэ
блыпкъым кьыщIыувIаэу, зы щIалэщхуэ
щыIт. Бжэ б лыпкъым кьыдзэкI, фIы-
кьым удэтыну», си гум кьэкIащ нанэ мы-
гъуэм и псалъэхэр.

- Кьеблагъэ, Тамарэ! Сыту фIыт кьыкI-
эрыкIуар, икъукIэ си гуапэщ. НакIуэ,
кьыщIыхьэ, - жеIэ, гуапэу Iэплэ кьыслхуэ-
щIурэ, фызым.

Фызыр нэ кьуэлэн, щхьэщыгъэ, Iэма-
щIэльмащIэ щыIкIуэт, и нэкIу дахэми зэ-
льаиГъ мащIэ т ельт.

- Кьеблагъэ, си шыпхъу! Сэ си цIэр
Сэтэнейщ. Мыр си анэщ, и цIэр Дыгъэщ,
мор си дэльхущ, и цIэр Благэщ, - и Iэпэр
бжэ блыпкъым дэт щIалэмкIэ еший
ильэс пщыкIух зи ныбжьым хьыджэбз
тхьлухудым.

- ИкъукIэ си гуапэщ! ФIым сыхуиб-
лагъэ. Дауэ фыщыт? - сэри сахуогуфIэ
си кьакIуэр апхуэдизу зи гуапэ хьуахэм.

- Welcome!, - сыкьэримыIупэс-сызэри-
мыпэсу инджылызыбзэкIэ кьызэпсалъэ
щIалэр. И щхьэр Iэтарэ и напIэхэр пагэу
ехьэхауэ, льэныкъуэкIэ епльэкIыу кьо-
увык, и Iэхэр и щIыбыкIэ ехьэкIауэ.

- Thank you

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр

●Футбол

Кисенковым топыр блэгъэкІыгъуейщ.

Филатов Сергей щІэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыным хэушъхьафыкІ зыкъзэрегъэпэщэ фондым иджыблагъэ къыдигъэкІащ «Цепи снеговых гор», «Лес одиночества» тхыльхэр. Кавказ Ищхъэрэм и тхакІуэхэм я повесткэр зэрыт тхыльхэр зэхэзыгъэувар Немченко Геннадийрэ Адыгэ Тенджызыгъэ.

МЫР ТОМИЩУ къыдагъэкІын мурад яІащ, ауэ дуней псор зыщІэзыубыда кризисым и эрамкІэ ещанэ томыр ныбжьыкІэ зэрагъэужьыным хуэдизу тхакІуэхэм я лэжьыгъэ хэр абы нэхъ мащІэу хэтынри къызыхэкІар. Ауэ фондым и мурадщ 2010 гъэм къриубыдэу иджыри тхыльитІ къыдигъэкІыну. Абыхэм итынущ республикэм и тхакІуэ щэрыІуэхэу Гуртуев Эльдар, Тепшеев Алим, Гадиев Ибрахьим, Мэлбакъуэ Елбэрд, нэгъуэщІхэми я тхыгъэхэр. Нэгъабэ къыдэкІа тхылъхэм ихуащ фІыуэ тщІыу, зи Іэдакъэщ Іэкіхэм дышыгъуазэ тхакІуэхэу Къанкъуэ Заур, Чипчиков Борис, Полошевская Наталье, Къандур Мухьэдин, Мэкъуауэ Амир сымэ я тхыгъэхэр. Къыхэгъэщащ Полошевскаи (Смирновэ) Наталье художественнэ тхыгъэ яІэ дыдэу къытригъадзэу зэрыраР. Ар КъБКъУ-м нэгъуэщІ кьаралхэм я литературэмкІэ и кафедрэм и профессорщ, Шекспир Вильям, Фаулз Джон, нэгъуэщІ тхакІуэхэми я творчествэм теухуа лэжьыгъэ зыбжанэ итхащ.

Мы тхыгъэхэм елэжьахэр хущІэкъуащ ар культуролог гием и мардэм тету зэрафызыхуным. Абы къыхэкІыуи тхылъхэр ягъэшІэрэщІащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ сурэтыщІхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэмкіэ, ди сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэми нэІуасэ зыхуащІыну тхылъеджэхэм Іэмал ирату. Тхылъым итщ Художественнэ Урысей академием и академик, Художественнэ академием и Красноярск къудамэм и графикэ студием и унафэщІ Пащты Герман, Адыгэ Республикэм щыщ сурэтыщІ цІэрыІуэ Бырсыр Абдулыкъ сымэ я лэжьыгъэ хэр. КъыкІэтыкІуэну тхылъхэм къыщагъэсэбэ ныбжьыщ Осетие Ищхъэрэм, Шэшэным, Дагыстэным, Къэрэшей-Шэрджэсым я сурэтыщІхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр.

Фондым и автор хэм яхэщ дуней псом къыщацІыхь тхакІуэхэу Искандер Фазиль, Гогуа Алексей, Ердов Константин, Начкебиа Дауэ (абхъазхэщ), Къанкъуэ Заур (пасэу дунейм ехыжа тхакІуэ щІалэм и тхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэзыдзэкІар Мэремкъул Ларисэщ), Къандур Мухьэдин, Къуникъуэ Налбий, Хьэгъур Айтэч, ХьэкІуащ Мадинэ (адыгэ), Чипчиков Борис (балькъэр), Немченко Георгий, Прейко Анатолий (урыс), Кардаш Арбен (лезгин), Куни Лула (шэшэн), Коркмазов Борис (къэрэшей), осетин тхакІуэ ныбжьыщІэхэу Бугуловым Денисрэ Цкурбаев Аланрэ, нэгъуэщІхэри.

ЩІхьэхъуэ и гугъу щыпхъэщ фондым и лэжьыгъэм яджджэру хэт, жылагъуэ, политикэ лэжьакІуэ щІрыІуэ генерал Цаголов Ким. Ар куэдрэ дзэм хэтащ, Балтикэ фло тым, Туркестан, Кавказ Ищхъэрэ, Москва дзэ округ хэм къулыкъу щищащ. Цаголовым Афганистаным щыІэзуащ, Осетие Ищхъэрэр зыхъумэжи я унафэщІу щытащ, Абхъазым, Дагыстэным, Шэшэным щыІащ. Генералым щиригъэджащ Гагарин Юрий и цІэ зезыхьэ Хьэуа академием, Бронетанковэ дзэхэмкІэ военнэ академием и кафедрэм и унафэщІу, УФ-м тІъэпкъ политикэмкІэ и министрым и кІуэдзэу щытащ. Цаголовым СССР-м, Урысей Федерацэм, Афганистаным, Польшэм я къэрал дамыгъэу 62-рэ хуагъэфэщащ.

«Цепи снеговых гор», «Лес одиночества» тхыгъэхэр къыдагъэкІащ «Кавказ Ищхъэрэ проект» зыфІаща программэм хыхьэу. А проектым къызэщІубыдэу ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр: конференцэхэр, Кавказ Ищхъэрэми Урысеми я тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр. Абыхэм я къызэгъэпэщакІуэхэм я мурадыр ди лъахэм и щэнхабзэмрэ литературэмрэ зегъэужьыныгъ, тхакІуэхэм ядэІэпыкъугъэ, Кавказ Ищхъэрэр мамырным хэлЫфІыхьыныгъ.

Кавказ Ищхъэрэм щыщ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэ ильэс кІэс ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэ зэпэ зэІущІэр Налшык щызэхэтщ, абы нужькІэ Филатов Сергей и фондым къыдигъэкІащ «Молодые писатели Кавказа» тхылъыр. Нэхъ зэфІэкІ зиІэ тхакІуэ щІалэ зыбжанэ ягъэкІуауэ щытащ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я урысейпсо зэІущІэу Липки къалэм щызэхэтэм. Осетин тхакІуэ щІалэ Бугулов Денис и зэфІэкІыр япэ дыдэу хэІущІыну щыхьуар Налшык щыІа зэІущІэрт. Хетагуров Коста, Газданов Гайтэ сымэ ахуэфащэу, абыхэм я Іуэхум пызыщэу жыпІэкІэ ущымыузну Бугуловым и Іэдакъэщ Іэкіхэр гъэщІэгъуэнщ. Абыхэм ящыщ Москва щытращагъэ, иджы Европэми къыщыдгъэкІ. Хабзэ хъуауэ и ильэс кьэс зэхащэ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэр нэгъабэ Мейкъуаупэ щІэсхэтащ, мы гъэм Черкесск къалэм щрагъэкІуэкІыну я мурадщ.

Фондым и къалэнхэм ящыщ зыуэ кьатынэтэ къалэмыр зыгъэунэжу щІалэгъуалэм ядэлэжьынщ. Бупытэ хэжа хуащІынущ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ тхакІуэ щІалэхэм. Ар ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкъунущ я усэкэр, прозэр традзэныкІэ, кинофильмэхэр трахынымкІэ, сурэттехэм траха сурэтхэр ягъэзэгъэгъэныкІэ, музыкэ ятхыныкІэ. А Іуэхугъуэ псори цІэрыІуэ хуэхъун хуейщ щІалэгъуалэр гъэсэгъ тэмэм тегъэуэвэным, ахэр дзэмыщхьапхъэ Іуэхугъуэхэм кьабгъэдэшыным.

АБЗУАН Пщымахуэ.



Нэхъ лъэщыр зэхамыгъэкІауэ зэбгъэдокІыж

«Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Гъатхэ эпэм и 13-м. Мэхъэчкъалэ. «Динамо» стадион. ЦІыху мин 13 еплъащ.

Судьяхэр НИКОЛАЕВ, Калугин, Хральцов (псори Мэзкуу щыщщ).

«Анжи»: Абаев, Квирквелиа, Тагирбеков, Пекович, Шукуров, Жосан, Арэиани, Бакаев, Цораев, Ходжавэ, Барабадзе (Голенда, 46).

«Спартак-Налшык»: Фредрик сон, Филатов, Амисулашвили, Кисенков, Джудович, Леандрэ, Гогуэ (Щанцын, 69), Джатэрыв, Концедалов, Дядюн, Сирадзе (Патрик, 82).

Дагъуэ хуащІащ Ходжавэ, Джудович, Джатэрыв.

Ди щІалэхэр «Анжи»-м зэрыдзэгъум еплыну Къэбэрдей-Балькъэрым икІа цІыхуищэм нэблагъэр Дагъыстэным футболым щыдихьэхъэм гуапэу ирагъэблэгъащ. ЗыкІи хуэбгъэфэщэн тэкъым ахэр зыдэщІхэр зэныкъуэкъуну сыхьэт зыбжанэ дэкІмэ зэпэщІэувэну. Зэгьунэгъуагъэрэ зэныбжьагъуагъэмрэ щалэта шыгъупІасэ ТЭнэм и ужькІэ топлджэгум дихьэхъэм зэныбжьагъуагъэ зэІущІи ирагъэкІуэкІащ. КъыкІэпыкІуэу зэгъуэгу я командхэр зэрыджэгунум еплыну стадионым кІуащ. Апхуэдэ зэхущытыкІэр щапхъэ яхуэхъупхьэт Мэзкуу къикІхэмри.

Премьер-лигэм щекІуэкІ зэпеуэхэм хуэзэшауэ къэзыгъэзэжа Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» дкжгум жыдкжэру къыщІадзащ. Абы и пІалъэ нэхъ зыщІэ ди щІалэхэм занщІу тепщэныгъэр яубыдащ икІи ещанэ дакъикъэр екІуэкІыу Дядюн хэгъэрейхэм я гъуэм пльэу еуащ. Абаевым и Іэзагъ псори кьигъэльэгъуащ топым кьригъэгъэзэн щхьэкІэ.

Зэман дэкІри, «Анжи»-м жэуап кьитыжащ. АрщхьэкІэ, налшыкдэсхэм я гъуащхьэхъумитІым тынш дыдэу кьапекІуэкІа Жосан тэмэму еуэфакьым.

АдэкІэ футболистхэм сакьпэуэрэ топыр зэІэпах хъуащ, я хьэрхуэрэгъухэм я щыуагъэхэр кьагъэсэбэпу гъуэм зэрекІуэлІэныкъэ нэхъ хущІэкъуу. Апхуэдэ Іэмал ди щІалэхэм нэхъыбэрэ яІащ.

Кьапщтэмэ, апхуэдэхэм ящыщ зым Сирадзе жыжьэу щыту льэщу гу зэм еуащ. Тобыр хущІэнчу дзыхь зымыщІа гъащхьэхэтеитІ зыщІ ЫтІ ЫкІэ кьригъэгъэзащ.

КьыкІэпыкІуэу Джатэрыв и ебгъэрыкІуэныгъэр хабзэм щІэм и апэ Іыхьэр ихуащ.

ЕтІуанэрэ нэхъ щІагъуэ футболистхэм ирагъэкІуэкІакъым. КьыхэбгъэщІыну хэлъыр зэІущІэм и ужькІэ дакъикъэхэм «Анжи»-м и футболиститІ зэкІэлъхьэужьу джэгунІэ губгъуэм кьызэрырахуащ. Ауэ зэрынэхьыбэр ди щІалэхэм зыкІи къьхуэгъэсэбэпакъым икІи бжьыгъэр кьызэІуамыхауэ зэбгъэдэкІыжащ.

Адрей командхэм я пІэ зэІущІэхэм къариКІуахэм фащыдгъэгъуэзэнщ: ЦСКА - «Амкар» - 2:3, «Крылья Советов» - «Зенит» - 0:2, «Ростов»- «Томь»- 0:0, «Сибирь» - «Тэрч» - 0:0, «Спартак» - «Динамо» - 7:0, «Рубин» - «Локомотив - 0:2, «Алания» - «Сатурн» - 0:0.

МЭЗКУУ Къанцобий.



Джудович (№20) Ходжавэ (№10) кьызэтрегъэувыІэ.

ЗэІущІэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Къызэрагъэзжар ди гуапэщ

- Дагъыстэным топлджэгум щыдихьэхъэм сохъуэхъу я командэм премьер-лигэм къызэригъэзэжамкІэ. ЗэІущІэм и гугъу пщІымэ, яп Іыхьэм дэ нэхъыфІу дыдджэгащ, етІуанэм щыуагъэ нэхъыбэ щытІощІэкІащ.

- Дунейм и щытыкІэр фи джэгуакІэм зэран хуэхъуэ?

- Уэшх кьызэрешхэр зыкІи зэран кьытхуэхъуакъым. Апхуэдэуи дызэрыдджэгуну ди гугъам щыщ куэд кьыдэхъулІакъым.

ТЕТРАДЗЕ Омари,
«Анжи»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Хуэмурэ дыхозэгъэж

- Шэч хэмылъу, зэІущІэм и апэ Іыхьэм «Спартак-Налшыкыр» кьыдэфІэкІащ, ауэ дэ премьер-лигэм дыкьыхьыхьагъащІэу аращ. ЕтІуанэ Іыхьэм джэгум нэхъ дыхэзэгъащ икІи зыгурэхри кьыдэхъулІэ хъуащ. Топ кьызэрыгъхудамыгъэкІыным нэхъыбэу дыхущІэкъуащ, араща ди дежкІэ иджыпсту нэхъыщхьэр.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щ Іалэгъуалэ зэпеуэ

ЗэрытегъэкІуакъым

«Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Гъатхэпэм и 12-м. Мэхъэчкъалэ. «Сокол» стадион. ЦІыху 1500-рэ еплъащ.

Судьяр Ковалев (Тамбов).

«Анжи»: Гаджиаданг, Гаджибеков, Ибрагимгаджиев, Магомедов, Курбанов, Зайцев, Испагиев, Абдуллаев, Мухьэммэд, Мирзаев (Гаджиев, 62), Мирзабеков.

«Спартак-Налшык»: Антипов, Соблир (Шортэн, 73), Чочуев, Деяк, Лапин, Трубицын, Балэ (Къумыкъу, 84), Бикмаев (Хьэгъэбанэ, 46), Шалаев, Кхъуэныхъ (Зрум, 46), Митришев.

Дагъуэ хуащІащ: Зрумым, Деяк, Курбановым, Абдуллаевым.

Джэгум хахуащ Курбановымрэ Абдуллаевымрэ.

Мы зэІущІэм кІэлъыплъыну **«Сокол»** стадионым цІыхур иту екІуэлІат.

ПъэныкъуитІри сакъыпэуэрэ джэгуу щІидзащ зэІущІэм. Дэтхэнэрэ хущІэкъурт и хьэрхуэрэгъуэм и щыуагъэр кьигъэсэбэпыну. АрщхьэкІэ топ дагъэкІыну зыми Іэмал кьахукъуэмыкІыуэрэ зэІущІэм и апэ Іыхьэр ихуащ.

ЕтІуанэрэ нэхъ щІагъуэ футболистхэм ирагъэкІуэкІакъым. КьыхэбгъэщІыну хэлъыр зэІущІэм и ужькІэ дакъикъэхэм «Анжи»-м и футболиститІ зэкІэлъхьэужьу джэгунІэ губгъуэм кьызэрырахуащ. Ауэ зэрынэхьыбэр ди щІалэхэм зыкІи къьхуэгъэсэбэпакъым икІи бжьыгъэр кьызэІуамыхауэ зэбгъэдэкІыжащ.

Адрей командхэм я пІэ зэІущІэхэм къариКІуахэм фащыдгъэгъуэзэнщ: ЦСКА - «Амкар» - 2:3, «Крылья Советов» - «Зенит» - 0:2, «Ростов»- «Томь»- 0:0, «Сибирь» - «Тэрч» - 0:0, «Спартак» - «Динамо» - 7:0, «Рубин» - «Локомотив - 0:2, «Алания» - «Сатурн» - 0:0.

МЭЗКУУ Къанцобий.

КъБР-м щыІэ МВД-м

Зыгъэсэныгъэхэм къариКІуахэр

Урысей МВД-м зэрируБзыхъуам ипкъ иткІэ, 2010 гъэм ГъатхэпэМ и 1-5-хэм КъЭбэрдей-Балькъэрым, Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм и адрей щІыпІэхэм зыгъэзэгъэныгъэ щекІуэкІащ.

ЗЫГЪЭСЭНЫГЪЭХЭМ хэтащ УФ-м и МВД-м и Къэрал Іуэхущ Іапі эу Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэм, Урысей Федерацэм и ФСБ-м, ФСИН-м, МЧС-м я Іуэхущ Іапі эхэу КъБР-м щыІэхэм, «Э» Центрым, Урысей МВД-м и къэралкІуэцІыдзэхэм, КъБР-м щыІэ Гъунапкъэ и Іуэхущ Іапі эм, УФ-м и МВД-м и Оперативнэ штабым я къарухэмрэ я техникэхэмрэ.

ЩытыкІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ щыта зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІыным хабзэхэуми кьарухэм ди цІыхухэм яхуэзэфІэкІымкІэ зыщІагъэкьуащ. Хабзэм кьемызэгъыу Іэщ Іэрэ абы и Іэмэпсымэхэмрэ зезыхьэхэр кьыщІэгъэзэщыным икІи кьатехьыным, щІэпхьаджагъэхэр ялэжьауэ зыхуагъэфащэхэр убыдыным и льэныкъуэкІэ хабзэхъумэхэм зэкьыгъэкІэр зэрырагъэкІуэкІыр ди цІыхухэм кьагурыІуащ.

Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІым хабзэм емызэгъэныгъэхуэмэ Іэщ Іэу 306-рэ кьытрахащ. Абыхэм ящыщщ: гранатэдзэ, гранатэ 53-рэ, Іэщ Іэ зэмылІэужьыгъуэу 249-рэ, Іэщ Іэ Іэмэпсымэу 417-рэ, гранатэдзым и шэу 5, гранатэу 10, кьаргауэ Іэмэпсымэу 2, кьызэрагъауэ Іэмэпсымэу 8, электродетонатору 5, тротилу грамм 900, тротил шашкэу 4, наркотик веществоуэ килограммми 2-м нэблагъэ. Фэтэру, щхьэзакъуэ псэупІэу, пкІэунэрэ щІыунэу щэбжьыгъэкІэр, апхуэдэ уху эныгъэу 139-рэ, вокзалхэр, бзэрэхэр, нэгъуэщІ щІыхь зэхуэсыпІэхэр, Іэщ Іэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ я хьумапІэу 36-рэ я кьапщытащ, уголовнэ Іуэху 90 сэтей кьащІащ, кьалъыхъуэ щІыхуи 10 яубыдащ.

Апхуэдэу Іуэхущ Іапі э 338-м я лэжьакІуэхэм епсэльыльащ террориризмэм зыщІыхьыгъэныным теухуауэ.

ЗыгъэсэныгъэхэрэкІуэкІым хабзэр кьыщІызэпаудэ кьэхъуакъым.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Хъуэхъу

Дзэлыкъуэ куейм хьыхь

Сэрмакъ къуажэм щыпсэу Льджыдэ

Ризнуан къыщІалъхуа махуэщи, нохъуэхъу

ФІыуэ слъагъу, си папэ дыщэ! Ди нэхъыжьыфІхэу дызыгъэгъущхуэ дадэрэ нанэрэ къыпщІхъэщыту, нэхъыщІэр уи жьауэм дыщІэту, хуэхъуфІыр пхуаІэту, уи зэфІэкІыр дэни щІалэгъуэ, насыпрэ гуфІэгъуэкІэ гъэнщІа гъащІэ кІыхь кьэбгъэщІэну сынохъуэхъури, Къэр фІыкІэ кьыпхуэупсэ.

Уипхъу Аленэ.

Гу зылъытапхъэ

Дзэ еджапІэхэм щІагъэтІысхьэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дзэ комиссариатым кьыхех дзэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм мы кьыкІэлъыкІуэ Іэщ Іагъэхэм щыхурагъэджэнухэр:

- танкистхэр
- артиллеристхэр
- связыкІэ дзэхэм я Іэщ ІагъэлІэхэр
- тылым и лэжьакІуэхэр
- прокурорэр, следователь лэжьакІуэхэр.

ЕджапІэхэм щІагъэтІысхьэнущ дзэм кьулыкъу щащІэм щыщІэн папщІэ зи узынщІагъэр хуэкІуэхэм ящыщу ильэс 16 - 22 ныбжьым итхэр, «фІырэ» «фІы дыдэу» курыт школхэм мы зэманым щеджэхэр. Апхуэдэу дзэ еджапІэ зэмылІэужьыгъуэу 17-м щІагъэтІысхьэну хъыджэбзхэри къыхахынущ.

Дзэ Іэщ Іагъэм хуеджэну зи мурадхэм 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м нэсыкІэ тхыльхэр ират хьунущ КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм щІыІэ дзэ комиссариатхэм. Нэхъ зэпэсфахуэу мы тхэм щыгъуазэ зыфщІ хъунущ Республикэм и дзэ комиссариатым 91-44-65 (125 щІагъуэ) телефонымкІэ фыпсалъэ.

●КъБР-м и прокуратурэм

Іулъхьэ къызэрыІахам папщІэ

Республикэм и Суд нэхъыщхьэм унафэ кьищІащ «Къэбэрдей-Балькъэрым и псы къулеиныгъэхэр» ФГУ-м и унафэщІ Тау Асльэнрэ абы и къуэдзэ Барсов Александрэ ехьэлІауэ. Ахэр игъэкъуэнщ УФ-м и УК-м и 290-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм и «а», «в», «г» пунктхэмкІэ.

СУДЫМ зэхигъэкІащ «Къэбэрдей-Балькъэрым и псы къулеигъэхэр» ФГУ-мрэ «Каскад» ООО-мрэ Малкэ къуажэм и гъунэгъуу псы Іуфэхэр щыгъэбыдыным теухуа къэрал зэгурыІуэныгъэ зэращ Іылъуэ зэрыщытар. А лэжьыгъэм федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 28-рэ мин 962-рэ хухахат.

2008 гъэм накьыштэм и 16-м къыщ Іущ Іэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 4-р къэсыху «Каскад» ООО-м иратащ сом мелуан 14-рэ мин 503-рэ. «Каскад» ООО-м ахъшэр Іэрыхьа иужькІэ, абы и Іэтащ Іхьэм пубыдащ сом мелуани 3-рэ мин 500-рэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, Іуэхущ Іапі эм Іэрыхьа ахъшэм и процент 25-р кьаритыну. Ар кьаухымыдэмэ, «Каскад»-м иригъэкІуэ Іа лэжьыгъэм арэзы утехьэжьнкІэ Іэмал имыІэ хуэдэу тхылъхэр ягъэхъэзырыну, апхуэдэ Іэмалхэмкіи кьалэнхэр хьэлэлу имыгъэзэщІауэ кьыщІраГъэдзэу зэгурыІуэныгъэр якьутэжыну.

Кьыхуагъэувар яхуимыщІэмэ, абы кьрикІуэнкІэ хьунум тегузэвыхьри, 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м «Каскад»-м и Іэтащ Іхьэм Барсовым сом мелуан Іулъхьэу иритащ. Мыгувэу иужьрейр хабзэхъумэхэм яубыдащ.

Іуэхур зэхигъэкІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и СУ-м.

Судыр арэзы техьащ прокуратурэм и лэжьакІуэм къулыкъущІэхэр игъэкъуанщэу жиІа псоми. Тезырыр щатрилъхьэм абы кьилытащ ар нэхъ щабэ зыщІ щхьэусыгъуэхэр: зэрымыузынщэр, щІэпхьаджагъэ япэу зэралэжьар, щІыхь тхылъ кІуэ зэраІэр, Барсовым жьы хьуа и анэр зэрипІыр. КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм Таумрэ Барсовымрэ иІэсэи 4-рэ мази 6-кІэ тутнакъэр тКІийуэ щаІыгъ лъхьэуащІ исын, кьудыуэ дэтхэнэми сом мин 15 итхэ хуейуэ кьиІытащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЗыфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьк Танэ, Хьэжыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуэн - ещанэ нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щ Іэныгъэмкі э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм я адъюжъынымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмэхэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эхэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткІым.

Газетыр Іэ тельджахэм яхуэхьынкІэ и щІэ датыщ КъБР-м федеральнэ ношІ зэныбжьыгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрикъкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щІыІэу яхуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору Табыщ Динарэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3,4-нэ нап.)*, **ПхытІыкІ Юрэ** *(1,2-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэІэпыкъэгъу Иуан Заирэ.** ***КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ*** **Дол Маринэ, ГъукІэл Рае, Щомахуэ Марианнэ, сурэттыщІ Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щыгъуазэ сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.125 ●Заказ №689